

AVI ELEKSYON ESPESYAL  
POU AMANDE KONSTITISYON VIL MIAMI  
KI VA FÈT MADI 23 DAWOUT 2022  
NAN VIL MIAMI, FLORID  
DAPRÈ RESOLISYON NIM. R-22-0180



Nou fè tout moun konnen ke gen yon Eleksyon Espesyal ki va fèt madi 23 dawout 2022 soti 7:00 A.M. rive 7:00 P.M. nan Vil Miami, Florid, nan biwo vòt plizyè sant elektoral Eleksyon Espesyal ke Sipèvizi Eleksyon Konte Miami-Dade, Florid la deziyen, jan sa endike la a, amwens ke lalwa prevwa otreman, epi soumèt kesyon sa a bay elektè Vil Miami, Florid ki kalifye yo:

**“Èske Konstitisyon Miami an ta dwe amande pou otorize Komisyón Vil Ia, pa vòt 4/5 pou amande kontra Iwaye Riverside Wharf ki egziste deja a, kidonk ogmante pri Iwaye debaz a 50 pouzan oswa Iwaye dapre pri mache, si li pi plis, ogmante envestisman prive nan pwopriyete a soti \$7,000,000 rive \$30,000,000, pwolonje dire a a 50 ane, epi egzije ke lokatè a konstwi pwojè a dapre kondisyon zònaj ak rezilyans, ak konstwi yon nouvo dig e Riverwalk piblikman aksesib?”**

Amannman Konstitisyonèl sa a va amande Seksyon 29-B Konstitisyon Miami an pou otorize Komisyón Vil la anile pa yon vòt afimatif kat senkyèm (4/5yèm) yon òf konpetitif, egzekite yon kontra Iwaye amande epi ki retabli avèk Riverside Wharf LLC, pou pwolonje dire kontra aktyèl la a senkant (50) ane, avèk yon ogmantasyon nan pri Iwaye anyèl de baz ki peyab a Vil Miami, kidonk ogmante pri Iwaye de baz la a senkant (50) pouzan oswa nan pri Iwaye mache a, si li pi plis, ogmante envestisman prive nan pwopriyete a soti \$7,000,000 rive \$30,000,000, epi egzije lokatè a konstwi pwojè a ki konsistan avèk zonaj, ak egzijans rezilyans, ak konstwi yon nouvo dig e Riverwalk piblikman aksesib.

Dapre òdonans Komisyón Vil Miami, Florid.

Rezolisyon Nim. R-22-0180 disponib sou sit entènèt Biwo Grefye Vil la nan (<http://miamigov.com/elections>) ansanm ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak Eleksyon Espesyal Vil Miami 23 dawout 2022 a.

Ad No. 38535 and 38536

Todd B. Hannon  
Grefye Vil